


# ZVIRATIDZO

## ZVAWILLIAM BRANHAM

 Tepi iyi iri kugadzirirwa Humambo hwaMwari, sezvo ndiri kuzoipa kuna Hama Lee Vayle kuti vawane zvekunyora. Hama Vayle vandikumbira, pano pamberi paHama Mercier, kuti—kuti ndipe zvimwe zvezviratidzo zvekare. Honguka, zviratidzo zvaive sekuti...ini...chekuta... Chimwe chezvinhu zvekutanga zvandinogona kurangarira, zviratidzo, zvichiuya. Zviratidzo zvinouya nguva dzose. Asi mushure mekutendeuka kwangu ndipo pandinofunga kuti mune basa napo, Hama Vayle.

<sup>2</sup> Zvakanaka, ndinorangarira, mushure mekunge ndagadzwa muchechi, chechi yeBaptisti, naChiremba Roy Davis, pano pana Watt Street muJeffersonville, paiva nechечи yacho panguva iyoyo. Ndinoyeuka chimwe chiratidzo chakatanhamara, pasina kana mavhiki akawanda mushure mekwangu...kunge... ndingati, mazuva mashoma mushure mekugadzwa kwangu. Ndaive...ndakaona chiratidzo cheharahwa yakanga irere muchipatara, yakanga yatswanywa. Aiva murume wechitema. Uye akabva apodzwa chiriporipotyo, zvekutoti, zvakanzera bongozozo rakanyanya. Ndokubva asimuka pamubhedha ndokuenda.

<sup>3</sup> Zvino mazuva 2, angangoita mazuva 2, mushure maizvozvo, ndakanga ndichidzimira vanhu, zvavasina kubhadhara muNew Albany, mabhiri emvura, negasi, ne—neemagetsi. Uye icho... Ndakanga ndakazadzwa kwazvo nomufaro! Pese pandaiwana imba yakare, ndaingopindamo ndonamata, munoziva, isina munhu anogaramo.

<sup>4</sup> Uye ndinorangarira ndichiudza VaJohnny Potts, vari kurama nhasi. Vari pedyo, ndinofunga, nemakore 70 kana 80 ekuberekwa. Vaiva mutana aiverenga mamita. Zvino ipapo vaine vavabvisa pakuverenga mamita, ndokuva isa padhesiki, kuti vagamuchire zvichemo nezvimwe, paunongopinda pamukova, nekudaira nhare. Uye ndakanga ndichivaudza zvandakanga ndaratidzwa naShe. Uye vaimboti, apo neapo, vonoverenga mamita mashoma anenge asaririra asina kuverengwa neaiita basa iri. Uye mukudaro, ivo—ivo vaitaurira, mumwe murume... .

<sup>5</sup> Izvo, zvandakanga ndaona mubepa, mavaiva nengoro yekare...Mumazuva iwayo, yaidhonzwa nemabhiza 2, uye vonotora marara nezvinoraswa, mumukoto. Paive nemutana wechitema ainzi VaEdward J. Merrell. Vaigara pa1020 Clark

Street muNew Albany. Uye vakanga vadhumwa nevanhu 2 vechichena, vaiva musikana wechichena nemumwe—nemumwe mukomana, vaifamba nemotokari. Uye mukomana akatadza kudzora motokari yacho, ndokuvapwanyira pavhiri rengoro iyi. Zvino zvakangotyora mapfupa ose emuviri wavo, potse, uye nepachipfuva chavo, kunyanya. Ndokusvodogora musana wavo kubva panzvimbo. Zvino vakavaisa muchipatara, vari muchinhanho chakaipa kwazvo.

<sup>6</sup> Zvino VaPotts, vachipfuura nemuchi—chipatara imomo muNew Albany, vakanga vavaudza izvo pamusoro pokubata kwaShe neni. Zvino vakatumira kuti ndiuye, kuzovanakubata. Uye pakarepo, ndakafunga, “Ndiye murume wandakaona muchiratidzo ichi.”

<sup>7</sup> Saka, ini—ini ndaitya zvishoma kuti ndiendeke, nokuti ndiko kaiva kamwe kangu kekutanga, munoono, kuti ndiende saizvozvo. Saka, asi, zvisinei hazvo, ndakaenda ndikanotora shamwari yangu, akanga achangobva kutendeuka, mukomana mudiki wechiFrench ainzi George DeArk. Uye ndakanga ndichangobva kumutungamirira kuna Kristu. Uye takakwidzako. Ini ndikati, “Zvino, Hama George, ndi—ndi—ndinoda kuti murangarire. Zvinhu izvi zvinoitika kwandiri, handikwanise kuzvinzwisisa. Asi, imi rangarirai, murume uyu ari kuzopodzwa. Uye kana apodzwa, pane... Handikwanise kumunamatira kusvikira pauya vanhu 2 vechichena vomira kune rimwe divi remubhedha, nekuti ndinofanira kuzviita nenzira yazvakaratidzwa kwandiri.”

<sup>8</sup> Uye ndakapinda mu—muchipatara ndokukumbira kuona VaMerrell. Uye ndakaendako, uye mudzimai wavo akandiudza kuti vakanga vachirwara chaizvo. Uye havaikwanisa kuti vatsukunyuke nekuti ma x-ray akanga aratidza kuti mamwe emabhonzvo aya aive pedyo chaizvo nebapu. Uye kana vakangotsukunyuka chete, zvadaroka, aitozo, aigona kuboora mapapu avo zvovaita kuti vabude ropa kusvika pakufa. Uye vainge vari pakashata kwazvo. Uye vakanga vachibuda ropa zvishoma kubva pahuro pavo, nezvimwe zvakadaro, nokuti vaibuda ropa nechemumuromo. Vainge vararamo mazuva anenge 2. Zvino murume uyu aive, panguva iyoyo, nemakore angangoita 65 ekuberekwa, ndinofunga, 60 kana 65. Murume wechikuru; ndebvu dzavo dzepamuro, dzakareba, dzakanga dzachena. Uye bvudzi ravo rakanga rachena.

<sup>9</sup> Zvino ndakapinda ndikaudza murume uyu, kunyange zvakadaro, chiratidzo chandakanga ndaona kubva kunaShe. Zvino vechidiki vava vakauya, vakanga vavadhuma. Uye ndakapfugama kuti ndinamatire mutana uyu. Zvino kamwekamwe, murume uyu akaridza mhere, achiti, “ndapodzwa,” ndokukwakuka. Uye mudzimai wavo, achiedza kuvadzikamisa, pamubhedha. Uye mumwe wevaidzidzira hukoti akauya, achiedza kuvadzikamisa pamubhedha. Uye vakasvetuka

kubva pamubhedha, zvakakonzera mufaro mukuru. Zvino pandakaenda ku...Ndakati kuna Hama George...

<sup>10</sup> Zvino umwe wemasisita, chaive chipatara cheKatorike, akauya akati ndinofanira kubuda ipapo, nekuita kuti murume uyu afarise. Nokuti, akanga aine kupisa muviri, kungangoita 40<sup>0</sup> C. Uye chinhu chinoshamisa, pavaivadzorera mukati; mu—muprista, nzvimbo iyi, uye nevamwe vanachiremba vakanga vavaisa, vakavaita kuti vadzokere kunorara, nokuti vakanga vakapfeka hembe dzavo. Uye pavakatora tembiricha yavo, vakanga vasina tembiricha.

<sup>11</sup> Zvino, kune vanhu vazhinji vari kurarama nhasi, vakaona chiratidzo ichi, kuchiona chichiitika, kana kuti kuziva nezvacho.

<sup>12</sup> Zvino ndakabuda ndokumira pamasitepisi, ndokuti kuna Hama George, “Zvino, imi tarisai. Vachange vakapfeka jasi rebhurauni neheti refu yekare. Vachafamba vachidzika nemasitepisi aya, mumaminetsi mashoma.” Uye vakatodarowo chaizvo. Vakanyatsobuda havo ndokufamba vachidzika.

<sup>13</sup> Uye hunenge hu—hu—husiku humwe kubva ipapo, Ishe vakazviratidzazve kwandiri, mamwe mangwanani, kunze kwava kunoedza, ndokundiratidza mukadzi akanga akaremara zvakaipisisa, akanga ari kuzopodzwa. Saka ndakati, “Zvakanaka, ndicha—ndichatsvaga kuti ari kupi.”

<sup>14</sup> Uye saka ndakadzika zvino ndainovhara mvura, kumusoro uko kuna, ndinotenda kuti maive, muna Eighth Street muNew Albany. Uye ndakava...Dzaiva dzimba mbiri dzakabatana, uye ndaitya kuti ndaizodzima mativi ose ari maviri. Rimwe divi racho, vanhu vakanga vatama; uye rimwe divi racho, vanhu vakanga varimo. Saka ndakaenda kune divi raive neva—vanhu, vachigaramo. Ndikagogodza pamusuwo. Uye vaive va—va—vanhu varombo chaivo. Uye imwe tsvarakadenga, musikana wechidiki ndokuuya kumusuwu, akapfeka zvakangodaro-daro. Uye iye—iye ndokuti, “Manga muchidei?”

Ini ndikati, “Ungaedzawo here mvura, kuona kana isiri kubuda?”

<sup>15</sup> Iye ndokuti, “Hongu, changamire.” Iye ndokuenda. Akati, “Kwete. Mvura ichiri kubuda.”

Ini ndikati, “Ndatenda.”

<sup>16</sup> Uye mai vake, vavete pamubhedha, zita ravo vainzi Mai Mary Der Ohanian. Uye vaive muArmenian. Mukomana wavo aitamba furubheki, ndinotenda ndizvozvo, kuNew Albany base... , uh, timu yebhora. Uye ivo, mwanasikana wavo, akanga ari kuchikoro chesekondari. Zita rake ainzi Dorothy. Iye ndokuti... Dorothy akati kwandiri, “Hamusi imi here munhu waMwari uya akava nekupodza kuya muno muchipatara, rimwe zuva? Mai vangu vanodawo kutaure nemi.” Zvino ndikapindamo.

17 Uye akandiudza kuti vakanga varere, vakaremara. Uye vainge vakaremara, vari pamubhedha, kwemakore 17, kubva pakazvarwa musikana uyu. Uye saka musikana akanga aine makore 17 okuberekwa. Zvino saka ndakamuudza kuti . . . Akati, “Ndimi here munhu waMwari uya akapodza murume uya?”

18 Ndakati, “Kwete, amai. Ini handisi mupodzi. Ndakango—ndakangonamatira hangu murume uyu—uyu airwara, uye ndakanga ndaratidzwa neChimwe chinhu chakandiudza.” Ndakashaya kuti ndochidana kuti chii; chiratidzo, kana kuti chii. Ndakanga ndisingazive kuti chaiva chii, ipapo. Ndaingova hangu mukomana, uye ndisati ndaroora nezvimwe zvose. Uye saka pakanga pane . . . Uyu—uyu mudzimai akandikumbira kuti ndinamate, nokuda kwake. Uye ndakamuudza kuti, “Regai ndinamate, kutanga, uye kana Ishe vakandiratidza kuti ndidzoke.”

19 Zvino pandakabuda kunonamata . . . Ndakatora Hama George. Zvino ndikati, “Ndiye mudzimai uya wandanga—ndanga ndichikuudzai kuti ndakanga ndanamatira. Ndinoziva kuti ndiye mudzimai mumwe cheteyo. Handei neni.”

20 Uye takaendako kuti—kuti tinyengetere. Zvino kasikana kemakore 17 okuberekwa aka, honguka, ini ndichingovawo mukomana wechidiki. Zvino aiva nehanzvadzi, ingangoita makore 6, 8 okuberekwa, zvakada kudaro. Uye paive nemuti weKisimusi, paiva mushure mekunge Kisimusi ichangopera, wakamira mumba umu. Zvino vakaenda kuseri kwemuti uyu weKisimusi, kuti vandiseke. “Kuti ndaizopodza amai vavo.” Ndakavaudza kuti Ishe vaizovapodza. Uye ini . . . Hama George neni takapfugama kuti tinamate.

21 Zvino pandakatanga kunamata, zvinoka, Ngirozi iya yandinooona, iYo yamunoona papikicha, ndakaIona yakarembera pamusoro pemubhedha. Saka, ndakasveverera ndokuvabata ruoko. Ndikati, “Mai Ohanian.” Zvino, vanogara kuNew Albany iko zvino, ivo nemurume wavo, nemhuri. Ini ndikati, “Mai Ohanian. Ishe Jesu vandituma, uye vakandiudza ndisati ndauya, kuti, kuti ndikunamatirei, uye manga muri ‘kuzopodzwa.’ Simukai netsoka dzenyu, mupodzwe, nemuZita raJesu.” Makumbo avo ainge akapetana. Ivo, neBhaibheri ravo rechiArmenia pamoyo wavo, vakatanga kufamba vachienda kudivi romubhedha. Zvino pavakadaro, ivo . . .

22 Ipapo Satani akataura kwandiri, akati, “Ukavarega vachitsika pasi apo, vachatyoka mutsipa wavo, kubva pamubhedha wakakwirira iwoyo.” Ndakambovhunduka kwekanguvana.

23 Uye ndakagara ndichiziva kuti zviratidzo izvi, handaiziva kuti zvaiva chii panguva iyoyo, zvazvaindiudza zvaiva zvechokwadi nguva dzose. Saka ndakaenderera mberi, zvakadaro, ndakavarega vachiburuka pamubhedha. Zvino

Mwari vari chapupu changu, pavakangotanga, kusvetuka kubva pamubhedha uyu, makumbo ose ari maviri akatwasanuka. Mwanasikana wavo akaridza mhere, achidhonza bvudzi rake, ndokumhanyira mumugwagwa, achizhambatata napose paaigona. Vavakidzani vakauya kubva kwese-kwese. Uye havoka, kekutanga kwemakore 17, vachifamba-famba mukamuri umu, vachirumbidza Mwari. Ndakasimuka, nekukurumidza, kuti ndibvepo.

<sup>24</sup> Gare-gare, ndakazowirirana nemusikana wechidiki uyu, ndikafambidzana naye. Honguka, izvi hazvifanirwe kunge zvichinyorwa, asi ndakafambidzana nemusikana wechidiki uyu.

<sup>25</sup> Nguva pfupi mushure maizvozvo, mavhiki mashoma, ndakanga ndiri mumba maamai vangu, mamwe manheru. Uye ndainge ndichinamata, zuva iroro, uye nda—ndaingoita sendisiri kukwanisa kutunga makore, kusvika paku—kusvika paku—kukunda mumunyengetero wangu. Uye ndakafunga, ndaizongogarapo hwese...munoziva, kuenda hangu kunorara. Ndakanga ndichigara kumba kwedu, panguva iyoyo. Uye saka ndakapinda mu—mukamuri, kuti—kuti ndinamate. Uye ini... dzainge dziri zvekuma 1 o'clock mangwanani, ndinofunga. Uye nda—ndakanamata.

<sup>26</sup> Zvino, pakarepo, ndakatarisa. Uye, amai, vaisitora hembe dzavo, vongodziunganidza pacheya, munoziva. Taive vanhu varombo chaivo. Zvino ndakatarisa, Chimwe chinhu chichena chaiuya kwandiri, ndikafunga kuti ndakanga ndakatarisa cheya iya yematya. Asi Yaiva Ngirozi iya yaShe, Gore riya—riya, munoziva. Zvino Yakauya kwandakanga ndiri chaiko.

<sup>27</sup> Uye ini—uye ini ndakanga ndakamira mune imwe kamuri, diki, imba yatinodaidza kuti “shotgun,” duku, yakarurama, ine makamuri 2 mairi. Uye yaive nezvishongo zvitsvuku kumusoro kuno pamadziro, munoona. Paiva nekamubhedha kembiru dzesimbi kudivi rangu rekurudyi. Paiva nemumwe mudzimai aiva nevhudzi dema akamira akatarisana ne...Imwe kamuri yaibuda ichienda mukicheni. Ainge akamira akatarisana nepamusuwo wekicheni iya, achichema. Paiva nevamwe baba vakanga vakamira kwandiri, vakanga vandiunzira mwana, pane chimwe chinhu chakanga chakaradzikwa pachipfuva chake chidiki. Uye rimwe, gumbo rake rekuruboshwe, rakanga rakamonyoroka, kusvikira ranga rakazorera pamutumbi wako mudiki. Uye gumbo rokurudyi, rakamonyoroka kune rimwe divi racho. Maoko ese ari maviri akamonyorokawo, zvakare, akazorera pamuviri wake. Uye kamutumbi kake kainge kakamonyoroka nekumonereka kusvika pano pahuro pake. Uye ndakafunga, “Izvi zvinorevei?” Ndakatarisa, pagere kuruboshwe rwangu, ndakaona pagere vamwe ambuya, vachibvisa magirazi avo, nekuapukuta kubvisa misodzi kana chimwe chinhu pamagirazi avo. Kurudyi rwangu, pasofa dzvuku re duofold, raienderana necheya, painge pagere mukomana

wechidiki, ane musoro une vhudzi shava rakamonana-monana, akatarisa kunze nepahwindo.

<sup>28</sup> Zvino ndakatarisa, kumire nechekurudyi kwangu, zvino ikoko kwainge kwamira mune...iya Ngirozi yaShe. Uye Ikati kwandiri, “Mwana uyu angararama here?”

Ini ndikati, “Changamire, handizivi.”

Iyo ndokuti, “Isa maoko ako paari. Achararama.”

<sup>29</sup> Uye nda—ndakadaro. Zvino mwana akanga asvetukira pasi, kubva pa...kubva mumaoko ababa vake. Uye gumbo diki, rekurudyi rakatwasuka, nerutivi rwokurudyi ndokutwasuka, ruoko rworudyi ndokutwasuka. Akaita imwe nhanho, uye rumwe rutivi rukatwasuka. Akaita imwe nhanho, uye rumwe rutivi ndokutwasuka, mutumbi, chikamu chepakati chikatwasuka. Ndokuisa maoko ake madiki mune angu, akabva ati, “Hama Branham, ndanyatsopora.” Kamwana aka kainge kakapfeka kahovhorosi kebhuruu kekodhoro, kana hovhorosi, kahovhorosi kadiki kane chibhibhi. Uye kaive nevhudzi rebhurauni, nekamuromo, kadiki-diki, kwazvo.

<sup>30</sup> Zvino Ngirozi yaShe yakandiudza kuti Yaizondiendesa kune imwe nzvimbo. Zvino ndakatakurwa kuenda kure-kure. Uye Yakandigadza padivi pemarinda ekare, ndokundiratidza nhamba dzacho padombo reguva, pedyo nechечи. Zvino iYo ndokuti, “Iyi ndiyo ichava nzvimbo yako yekukuratidza nzira.”

<sup>31</sup> Yakanditakura kuenda neni kune imwe nzvimbo. Uye pakanga paine...pairatidzika sepakambova nekadhobha kadiki, kane zvitoro zvingaite 2 makari. Uye imwe yakanga ine kumberi kweyero, bhodhi reyero kumadziro. Ndakafamba ndikaendako, kana kuti ndakamirapo. Uye paiva nemurume mutana aibudamo, akapfeka bhachi rebhuruu rekodhoro, kana kuti bhachi rejini rebhuruu nehovhorosi yebhuruu, nekepisi yekodhoro yeyero. Aive nendebvu hombe, dzepamuroromo chena.

Akati, “Achakuratidza nzira.”

<sup>32</sup> Zvino nguva yakatevera yandakapinda mairi, ndakaona ndichipinda mune imwe kamuri, ndichitevera mumwe mudzimai wechidiki mufemu. Uye pandakapinda pamusuwo, zvaiva pabepa riri kumadziro zvakanga zviri zvitsvuku. Kumusoro kwemusuwu kwaive nechiratidzo, “Mwari varopafadze musha wedu.” Pane mubhedha muhombe, wekare, wembiru dzendarira waiva kudivi rangu rekurudyi. Uye nechitofu chemarasha chiri kuruboshwe. Uye nechemukona, maive nemusikana angangoita makore 15 ekuberekwa. Zvino akanga aine poriyo kana chimwe chinhu, chakanga chazvuvira gumbo rake rokurudyi kumusoro. Uye tsoka yake yainge yakabhendera kurutivi, uye yakazvuvirwa maari. Uye iye—uye iye airatidzika semukomana. Kungoti chete, aiva nevhudzi semusikana, uye aive ne—nemuroromo une chimiro chemoyo semusikana.

Uye Yakati kwandiri, “Musikana uyo angafamba here?”

Ini ndikati, “Changamire, handizivi.”

<sup>33</sup> Ndokuti, “Enda unoisa maoko ako padumbu rake.” Ipapo ndakafunga kuti aiva mukomana, zvirokwazvo, nokuti iYo kunditi ndiise maoko angu padumbu remusikana. Ndakaita sezvaYakandiudza.

<sup>34</sup> Ndakanzwa mumwe munhu achiti, “Ishe ngaVarumbidzwe.” Zvino ndakatarisa mudenga. Zvino pandakadaro, musikana yu akanga achitosimuka. Zvino paakasimuka, mapijama aakanga akapfeka, gumbo rake repijama rakawira kumusoro, uye rakaratidza ibvi rakaurungana sebvi remusikana uye risina kuomarara, munoziva, sebvi remukomana. Uye ndakaziva kuti aive musikana. Uye akanga akapfeka mapijama ake. Uye akauya, achifamba achiuya kwandiri, achikama bvudzi rake. Ane vhudzi shava, achikama bvudzi rake.

<sup>35</sup> Musikana anogara muSalem, nhasi, akaroorwa, uye ane vana 3 kana 4. Uye amai nababa vake vachiripowo, zvakare.

<sup>36</sup> Uye saka ini—ini—ini ndakabengenuka. Uye ndakanzwa mumwe munhu achiti, “Hama Branham . . .” Kana kuti, “Hama Bill! Oo, Hama Bill!” Amai vangu vainge vachindidaidza. Zvino ndakafunga. Ndainzwa mumwe, neimwe nzira. Ndichibuda muchiratidzo ichi, munoziva, kunge seuchine hope. Ini ndikati, “Muri kudei nhai, amai?” Mukamuri iri mberi, mavakanga vakarara.

Ivo ndokuti, “Pane munhu ari kugogodza pamusuwo wako.”

<sup>37</sup> Uye ndakazvinzwa, “Hama Bill!” Ndokuvhura gonhi. Pane murume akapindamo. Zita rake ainzi John Emil. Anogara kuMiami, Florida, iko zvino. Uye akati, “Hama Bill, hamuchandirangariri.”

Ini ndikati, “Kwete. Handitende kuti ndinorangarira.”

<sup>38</sup> Akati, “Makandibhabhatidza ini nemhuri yangu. Asi,” akati, “Ndakatora nzira isiri iyo.” Akati, “Ndakauraya mumwe munhu, kuno imwe nguva yakapfuura. Ndakamurova nechibhakera changu, ndokutyora mutsipa wake, mukurwa.” Akati, “Ndakafirwa nemumwe wevanakomana vangu, dangwe racho.” Uye ndokuti, “Gotwe racho rakarara kumba, riri kutofa izvozvi.” Uye ndokuti, “Chiremba wemuguta umu akanga achangobva, ndokuti, ‘Mwana ane mabayu akapetwa kaviri.’ Uye ari kutotadza kunyatsofema.” Uye akati, “Nda—nda—nda—ndangoti . . . Imi mauya pamoyo pangu. Uye handizive kana mungauyawo kuzonamata naye.” Uye akati, “Zvino, sezvamunoziva, ndiri hama yaGraham Snelling.” Uyo, Graham Snelling, Mufundisi Graham Snelling zvino, vainge vasati vava mushumiri panguva iyoyo; mukomana akanaka weChikristu. Akati, “Thama yangu. Ndiri kudzika zasi kunomutora.” Aigara

chinhambwe chingaita hafu yemaera kubva kuneni, zasi muguta. Uye akati, “Ndiri kuenda kunomutora. Uye mungauyawo here?”

Ini ndikati, “Hongu, VaEmil, ndichingopedza kupfeka hembe dzangu chete.”

Saka akati, “Ndichatora motokari yangu, ndoenda nemi ikoko.”

Ndikati, “Zvakanaka.”

<sup>39</sup> Akati, “Pandichange ndangotora Graham. Uye ndinoda kuti mose munamatire mwana uyu.”

Ini ndikati, “Zvakanaka.”

<sup>40</sup> Saka zvino ndakabva ndaenda kunogadzirira. Amai ndokuti, “Kwaitikeiko?”

Ndikati, “Pane mwana mudiki ari kuzopodzwa.”

Saka amai vakati, “Kupodzwa?”

Ini ndikati, “Hongu, amai.”

Uye saka ndakati, “Ndichakuudzai zvakanakawanda nezvazvo pandinodzoka.”

<sup>41</sup> Saka munguva shoma, akagogodza pamusuo, naHama Graham vainaye. Takanga tichikwidza kuno, neyatinoziva senzvimbo yezvikepe zvino, yaiva Howard Shipyard yekare panguva iyoyo. Ndakati, “VaEmil, muno . . . Muri kugara kupi iko zvino?”

Akati, “Mukati kumusoro kweUtica.”

<sup>42</sup> Ndikati, “Munogara muimba duku, iyo yatinodaيدا kuti ‘shotgun,’ makamuri 2 maduku.”

“Hongu, changamire.”

“Iri pachikomo.”

“Hongu, changamire,” akadaro.

<sup>43</sup> Ndikati, “Bhodhi renyu—renyu pano apa rakagadzirwa nemapuranga akapfekerana, uye rakapendwa zvitsvuku.”

Akati, “Ndizvozvo chaizvo.”

<sup>44</sup> Ndikati, “Mwana mudiki uyu akarara mumubhedha wembiru dzesimbi. Uye ane mumba umu, ingangoita, imwe hovhorosi yekodhoro yebhuruu.”

Akati, “Ndiyo yaakatopfeka.”

<sup>45</sup> Uye ndikati, “Uye mwana uyu kakomana kadiki, kangangoita makore 3. Uyewo ane kamuromo kadiki-diki, tumiromo tudiki tutete. Uye ane vhudzi shava.”

Iye ndokuti, “Ichokwadi ichocho.”

<sup>46</sup> Ndikati, “Mai Emil mudzimai ane vhudzi dema. Uye mukamuri umu, mune chigaro che duofold chitsvuku necheya tsvuku.”



Iye ndokuti, “Makambouyako here, Hama Branham?”

Ini ndikati, “Nguva shoma yapfuura.”

“Nguva shoma yapfuura?” akadaro.

Ndikati, “Hongu.”

“Asika,” akati, “handina kumbokuonai ini.”

<sup>47</sup> Ndikati, “Kwete. Panga pari pamweya.” Ndikati, “VaEmil, makandinzwa ndichitaura, kana ndakakubhabhatidzai, nezvezvinhu zvinoitika kwandiri. Zvingango...Ndinooona zvinhu zvisati zvaitika.”

<sup>48</sup> Akati, “Hongu. Pane zvakadaro zvaitika kwamuri here, Hama Branham?”

<sup>49</sup> Ndikati, “Hongu. Uye VaEmil, chero zvaChingava icho chandiudza, hachisati Chambondiudza nhema. Mwana wenyu ari kuzopora kana ndasvikako.”

<sup>50</sup> Zvino akamisa motokari, ndokuwira pamusoro pechidhiraiwo, akati, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi. Nditoreiwo zvakare, Oo Ishe.” Maona? “Uye ndinoKuvimbisai, kuKuraramirai, mazuva angu ose, kana Muri kuzochengetedza hupenyu hwemwana wangu.” Ipapo vakapa moyo wavo kuna Kristu. Takapinda mumba, tese tichifara pamusoro pake, mweya uchidzoserwa kuna Kristu.

<sup>51</sup> Pataka—patakapinda mumba macho, hezvoka zvinhu zvose zvingori nemazvo sezvazvaiva, ambuya vaya chete ndivo vakanga vasimo. Mukufadzwa, nekufarisa, ndakati, “Ndiunzirei mwana wacho.” Zvino mwana wacho achitenge otofa. Maona? Kuya “kumonyoroka,” hwaiva hupenyu hwakanga hwabuda mumwana. Akanga akangomonyoroka kusvika *apa*, pahuro yake diki. Ini ndikati, “Ndivigirei mwana wacho.” Ndisiri kumirira kuti chiratidzo chizadzikiswe.

<sup>52</sup> Hama Vayle, kana pedhi iri raifanirwa kunge riri *pano*, handikwanise kutaura kana shoko rimwe kusvikira pedhi iri raiswa ipapo. Maona? Zvinofanira kuva nenzira yaYazviratidza kwandiri.

<sup>53</sup> Saka ndakati, “Ndivigirei mwana wacho.” Zvino baba vacho vakauya nemwana kwandiri, ndikamunamatira, zvino akatowedzera. Saka ndakafunga, “Zvino chimwe chinhu...” Akarasikirwa nekufema kwake, uye vakatozorwisa nekuzunguza, nezvose, kuti awane kufema. Ndakafunga, “Zvino, pane chakanganisika.”

<sup>54</sup> Uye ndakazofunga kuti, “Ko ambuya vaye vari kupi?” Vakanga vasati vavepo nazvino.

<sup>55</sup> Saka vakatora mwana, ndokumuradzika. Vakanga vachiisa zvinhu pasi pemhino yake, nezvose, uye achichema. Mai vacho vachizhamba, sevabatwa nebuka, nezvese. Asi mwana aingo—aingotadza kunyatsofema.

56 Ndakafunga, “Zvinoka, kuburikidza nehupenzi hwangu—hwangu, ndashandisa chiratidzo chaMwari zvisizvo, nokuti handina kumirira paChiri, nekufarisa kwakanyanya.”

57 Neizvi, munogona kuona, Hama Vayle, kuti sei ndichimirira. Handina basa kuti ndiani anondiudza. Ndinokudai sehama yangu. Hama, musambofa makaedza, kundiudza chimwe chinhu chekuita, kana nda—kana ndanzwa kuti ndi—ndine kuda kwaShe. Maona? Hazvina mhosva kuti zvinotaridzika zvakanaka sei neimwe nzira, ndichaVamirira. Maona? Uye—uye saka ini—ini ndakadzidza chidzidzo ipo apa chaipo, makore mazhinji, mazhinji, kwazvo akapfuura; uye nokuita chaizvo zvaVataura, uye usazviite kusvikira Vataura kuti zvagadzirira kuti zviitwe.

58 Mwana aitambura kuti awane mweya wekufema. Zvino, ndaisakwanisa kuvaudza zvandainge ndaita, asi ndaitongofanira kumirira. Ndakafunga, “Zvichida nyasha dzichapindira, uye iVo vondiregerera.” Saka, ndakaenda, kunogara pasi.

59 Vakarwira hupenyu hwemwana uyu kusvika kwaedza. Kunze kwoedza, vakafunga kuti mwana achangoenda chero nguva zvayo. Zvinoka, ndakagarapo hangu. Uye vakaramba vachindibvunza, “Hama Branham, toita sei?” Kana kuti, “Hama Bill,” madaidziro avaindiita, “ndoita sei?”

60 Ndakati, “Handizive.” Maona? Ndakagara ipapo, musoro wangu wakatsikitsira, ndichiti, “Ishe, ndiregerereiwo.”

61 Zvino, kwakabva kwaedza. Hama Graham Snelling vaifanira kuenda kubasa. Saka VaEmil vaifanira kuenda navo, uye ndaiziva kuti ndaitofanira kubvawo pamba apa.

62 Uye, asika, Hama Graham vaifanira kunge vakagara imomo, nokuti vane vhudzi shava, rakamonana-monana, sezvamunoziva. Vaifanira kunge vakagara pachigaro che duofold ichi. Saka ndakanga ndakagara apo paifanira kunge pakagara Hama Graham, asi chembere iya yakanga isipo. Uye hapana chembere pamba apa. Saka ndakagara ipapo. Saka VaEmil vakapfeka jasi ravo.

63 Zvino ndaiziva kuti, kana Hama Graham vakaenda, zvakaoma kuziva kuti vaizodzoka riinhi. Maona? Uye zvakare ndaiziva kuti, kunyangwe mudzimai uyu akauya, ipapo Hama Graham vanenge vasipo. Saka munoono kuti ndaive muchinhano chakadii.

64 Saka VaEmil vakati, “Hama Branham, muri kuda kuenda here?” Kana kuti, “Hama Bill, muri kuda kuenda kumba here? Mungada kuti ndikuendesei kumba here?”

65 Ndikati, “Kwete, changamire. Ini ndichangomirira, kana musina henyu basa nazvo.” Ndaivenga kugara mumba imomo, pachingova nemwana naamai, neni, nokuti vakanga vari

vanhu vechidiki. Ivo, iye, akanga aine makore angangoita 25 ekuberekwa, ndinofunga kudaro. Uye ini ndaiva wezera rakada kudarowo. Zvino ndakati, “Kwete. Ndichango—ndichangomirira, kana imi musina basa nazvo.”

Akati, “Zvakanakai, hama, Hama Bill.”

<sup>66</sup> Uye saka amai vacho vachifamba-famba pauriri, sevabatwa nemamhepo, uye vachiedza ku...vachichema nezvose, munoziva. Uye mwana atongowedzera. Maona? Zvaingoita sekunge, chero nguva, aingoita seambomira kufema, saizvozvo, achiti, *femu, femu*, ndiko koga, kufema, kwaaita. Uye pasina...Vakanga vasina penicillin nezvimwe, mumazuva iwayo, munoono. Saka ivo vaingo—ivo vaingoisa plaster pavari, nezvimwe zvakadaro. Asi kamwana aka kaiva nacho kwemazuva akati kuti. Uye kakanga kaenda, munoono, kana kuti kachitoenda.

<sup>67</sup> Uye, saka, nda—ndakagara pasi ipapo. Ndakafunga, “Ini zvangu, kana Graham akaenda...” Graham akapfeka jasi rake, ndokutanga kubuda pamusiwo.

<sup>68</sup> Zvino murume uyu akati kumudzimai wake, akati, “Zvino, tichadzoka, munguva shoma.”

<sup>69</sup> Ndakafunga, “O Mwari, zvino ndichatogara pano zuva rose, uye zvichida nehusiku hwese, zvakare, munoono, ndakamirira chiratidzo ichocho. Ndoita sei?”

<sup>70</sup> Uye ndakatarisa kunze nepahwindo. Zvino kwakauya vachitenderera imba, kwakauya ambuya vemwana uyu imomo. Uye, saka, ndakazoziva gare-gare, ndivo vaive ambuya vacho. Uye vakanga vakapfeka magirazi. Ndakafunga, “Ndizvo izvi, Ishe, kana—kana Graham akasabuda kunze kwemukova.” Saka, vanogara vachiuya nemukova wekumberi. Asi, neimwe nzira, havatombozivawo, kusvika pari zvino, asi vakaenda nekumukova wekuseri, ndokuuya mukicheni. Zvino vakafamba kupinda mukicheni, imba duku, yekare. Zvino pavakasvika pamukova, mwanasikana wavo akamhanyirako ndokuvatsvoda, nokuti vaiva amai vemwanasikana uyu, munoziva, ndokuvatsvoda. Uye Hama Graham...

Zvino mbuya vakabva vati, “Mwana ave nani here?”

<sup>71</sup> Iye ndokuti, “Amai, ari kufa.” Akabva atanga kuridza mhere saizvozvo, naamai vake vachichema.

<sup>72</sup> Zvino ndakafunga, “Kana izvi zvikingoshanda, zvino, kana Graham akasabuda.”

<sup>73</sup> Zvino ndakasimuka. Uye hapana chandaigona kutaura, munoono, kungomirira chete. Zvino Hama Graham vakafamba vachiuya. Ndakanga ndasimuka kuti vagare pasi. Uye ivo... Uye ava vaive mumwe wehukama kwavari, munoono, saka vakabva vangotanga kuchemawo, zvakare, ndokugara pasi pachigaro che duofold chavaifanira kunge vakagara.

<sup>74</sup> Ndakafunga, “Zvino, kana ambuya avo vakangouya kuzogara pasi mucheya tsvuku iyi!” Ndakadzokera kumusowo pakanga pakamira VaEmil, vakapfeka jasi ravo, vagadzirira kubuda. Kuchitonhora chaizvo, kutonhora kwedutu remazaya echando. Uye ndakafunga . . . Uye mbuya vava vakagara pacheya iyi.

<sup>75</sup> Zvino Graham akagara pasi, ndokutsikitsira musoro wake pasi. Zvino amai vemwana uyu, vakaisa ruoko rwavo pagonhi, ndokutanga kuchema. Zvingori chazvo zviru chiratidzo! Uye ambuya ava ndokugara pasi. Uye panzvimbo yekunge iri misodzi, zvachose, pamagirazi avo; vachibva muchando, akanga azara nedova rechando. Zvino vakapinza ruoko mubhirifikesi yavo diki ndokuburitsa hengechepfu kunze, uye, kana kuti kasachero kadiki, ndokutanga kupukuta magirazi aya. [Hama Branham vanoridza minwe yavo—Mupepeti] Hama, hezvoka izvo.

<sup>76</sup> Ndakati kuna VaEmil. Ndakati, “VaEmil, muchine ruvimbo mandiri semuranda waKristu here?”

Vakati, “Chokwadi ndinarwo, Hama Branham.”

<sup>77</sup> Ndakati, “Ndinogona kukuudzai ikozvino. Ndafanotaura mberi kwechiratidzo, nguva yadarika, ndicho chikonzero zvisina kuitika. Kana muchine ruvimbo neni, endai munondiunzira mwana wenyu.” Oo, ini zvangu! Ndakaona kuti zvaive zvanaka, ipapo, munoono. “Endai, munondiunzira mwana wenyu.”

<sup>78</sup> Akati, “Ndinoita chero chamunondiudza kuti ndiite, Hama Bill. Handingambotya kumusimudza.” Nokuti, pavakamusimudza, akangobva, amira kufema. Vakaunza mwana mudiki uku kwandiri. Ndakatambanudza mawoko ndokumutora kubva mumaoko avo, vakauya naye kwandiri, ndokumira ipapo.

<sup>79</sup> Ndakaisa ruoko rwangu paari, ndokuti, “Ishe, regereraiwo hupenzi hwemuranda weNyu. Maona? Ndafanotaura chiratidzo cheNyu chisati chavapo. Asi zvino ngazvizikanwe kuti Muri Mwari wedenga nenyika.”

<sup>80</sup> Ndisati ndapedza, kutaura izvozvo, mwana mudiki akakanda maoko ake achimbundira baba vake, akakwetsura mhete pamwe nekuchema, achiti, “Baba, ndave kunzwa zvakanaka zvino.” Maona?

<sup>81</sup> Ndakati, “VaEmil, regai mwana mudiki uyu akadarwo. Zvichatora mazuva 3 zvisati zvabva paari, nekuti akaita nhano 3, achitwasanuka.”

<sup>82</sup> Ndakaenda kumba, uye ndakazvitaura kucheche yangu. Ndikati, “Ndiri kudzokera.” Uyu waive musi weMuvhuro. Ndakati, “Chitatu manheru, chechi isati yatanga, ndiri kuendako.” Vaiva vanhu varombo, uye takavarongedzera bhasikiti regirosari, kuti tiendese kwavari. Saka ndakati,

“Ndinoda kuti mose muende, uye pandinoendako. Uye imi poteredzai imba iyi. Zvino kana ndasvika panzvimo iyoyo, pane imba iyoyo, imi tarisai muone kana mwana mudiki uyu asiri kuzouya achifamba pauriri, aine tunenge tundeavu twepamuroto twuri *apa*, kubva paanga achinwa mukaka wechokoreti kana chimwe chinhu. Maona? Uye achaisa maoko ake mune angu, obva ataura mashoko aya, ‘Hama Bill, ini ndanyatsopora.’ Kamwana kane makore 3 aka. Tarisai muone kana zvikasaitika.”

<sup>83</sup> Mudzimai wangu zvino, Meda, kare tisati taroorana, saka akanga ari muboka iri. Zvino vakazadza motokari ndokuenda kunopoteredza imba iyi, munoona, kuzondiona pandakatyaira ndichisvikapo nemotokari yekare yePublic Service Company yandaiva nayo kumba manheru iwayo. Ndakanga ndisina motokari yangu ini pachangu. Yakanga izere netara mungoro, nezvimwe, munoziva, kwandanga ndichienda nayo zuva iroro, ndichigadzirisa zvino. Ndakatyaira ndokuuya mberi, ndikamira. Ndakakwira pavharanda; ndikagogodza pamusowo. Uye vakanga vasina zvimetri pauriri hwekare uhwu. Amai vacho vakauya vachifamba pauriri, ndokuti, “Veduwee, ndiHama Bill,” saizvozvo. Uye vanhu vakanga vakatarisa nemumahwindo, panguva iyoyo, kuti vaone zvaizoitika.

<sup>84</sup> Uye muchikona, achitamba hake, maiva nemukomana mudiki uyu, zuva retatu. Ndakamira, handina kumbotaura kana shoko rimwe. Zvino akauya, achifamba pauriri, akaisa maoko ake madiki mune angu. Aine. . . Anga achinwa mukaka wechokoreti, tundeavu twepamusoro pemuroto, sekunge kudaro, pese *apa*, kubva pamukaka wechokoreti. Akasimudza maoko ake achaisa mune angu, akati, “Hama Bill, ini ndanyatsopora.” Huh!

<sup>85</sup> Husiku ihwohwo, kuchechi, ndakazvitaure. Ndikati, “Pane mumwe musikana akaremara, pane imwe nzvimbo, ane chinodikanwa paari.” Ndikati, “Chechi, handizive kuti zvino izvi zvinorevei. Handikwanise kukuudzai.”

<sup>86</sup> Uye—uye saka ndakanga ndichishanda kuPublic Service. Uye ndinorangarira rimwe zuva, ringangoita vhiki mushure maizvozvo, ndakatanga kubva muchivakwa, ndichibuda kunze. VaHerb Scott, vanagara muno muguta zvino, vaiva mukuru wangu wekubasa. Ivo vakati. . . Ndakatanga kudzika zasi. Vakati, “Billy?”

Ndikati, “Ehe.”

Akati, “Usati waenda, ndine tsamba yako pano.”

Ndikati, “Zvakanaka, Herbie. Ndichaitora munguva pfupi.”

<sup>87</sup> Uye—uye saka ndakaenda kunotora rimwe basa rangu, randaitarira pariri. Saka ndakaenda kunoitika kuti rimwe basa rangu riitwe. Uye pandaka—ndakadaro, ndakarangarira tsamba iya. Ndakaenda ndikaitora, ndokuivhura. Uye ikati,

“Vanodikanwa VaBranham,” munoono, vakati, “zita rangu ndinonzi Nail. Ndini Mai Harold Nail. Tinogara kunzvimbo inonzi South Boston.” Ndokuti, “Tiri maMethodisti, pakutenda. Uye zvakaaitika kuti ndakaverenga kabhuku kamakanyora, kanonzi *Jesu Kristu Mumwe Chete Zuro, Nhasi, Nokusingaperi*, katirakiti kaduku. Uye takanga tiine munamoto mumba medu, humwe husiku. Uye takanzwa nezvokubudirira kwenyu, muchinyengeretera vanorwara.” Uye vakati, “Ndine mwanasikana ari kutambura nohurwere, ane makore 15 ekuberekwa,” vakati, “arere panhowo achitambura nohurwere. Uye neimwe nzira, handisi kukwanisa kuzvibvisa mupfungwa dzangu, kuti ndinofanira kukuitai kuti muuye kuzonamatira musikana uyu. Mungauyawo here ndapota? Wenyu muzvokwadi, Mai Harold Nail. South Boston, Indiana.”

Ndakati, “Munoziva, ndiye musikana uya. Ndiye chaiye.”

<sup>88</sup> Ndakaenda kumba, ndikaudza amai vangu, ndikavaudza nezvazvo. Ndikati, “Ndiye—ndiye musikana wacho.” Zvino manheru iwayo, kuchechi, ndakati kuchechi. Ndakati, “Heino iyo—iyo—iyo—iyo nzvimbo yacho.” Ndikati, “Pane anoziva kune South Boston?”

<sup>89</sup> Zvino Hama George Wright, imi mose munovaziva, vakati, “Hama Branham, iri . . . Ndinofunga iri zasi kuMaodzanyemba.”

<sup>90</sup> Saka zuva rakatevera, shamwari dzangu 2, nemudzimai wangu, uyo anova zvino, uye nemumwe murume nemudzimai wake vanobva kuTexas. Zi- . . . zita ravo rainzi Brace, Ad Brace. Anogara zasi uko zvino, zasi kweMilltown, murimi. Aiva sapurazi wemombe kunze uko kuMadokero. Uye akanga atamira kuno kuti ave pedyo nechechi. Uye ndakanga ndambonamatira mudzimai wake, uye akanga apodzwa pachirwere che TB. Uye saka aida kuona izvi zvichiitika. Ndikati, “Iwe huya uende neni, ugoona kana zvikasaitika nenzira iyi.” Saka mudzimai uyu akanga asati amboona chiratidzo, Mai—Mai Brace. Saka mudzimai wangu akaenda neni. Uye Hama Jim Wiseheart, eredha vekare, munorangarira, chechi ikoko, mudhikoni wekare, vaida kuzviona. Ndakanga ndine kamota kadiki, kasina denda ipapo, zvino ndakavapakira vose imomo.

<sup>91</sup> Zvino takadzika zasi kweNew Albany. Zvino ndakawana chiratidzo ichi, uye ndakazoziva kuti, yakanga isiri South Boston. Yaiva New Boston. Saka zvino handina kuziva kwekuenda, saka ndakadzokera kuJeffersonville ndokubvunza mumwe munhu. Uye mumwe munhu akaenda kuposvo, vakati ivo, “South Boston iri kumusoro kweHenryville.”

<sup>92</sup> Saka nda—ndakaenda kuHenryville, ndikabvunza ikoko. Ivo ndokuti, “Konai nemumugwagwa *uyu*. Aive makiromita angaite 24, seri kumusoro kwezvikomo izvi *apa*, muchawana kanzvimbo kadiki. Imi chenjerai, kuti munokapotsa,” akati, “nekuti kanongova kachitoro 1 kadiki. Uye chitoro ichocho

chine posvo, nezvimwe zvese, machiri. South Boston, kumusoro muzvikomo izvozvi.” Kune maeka 17,000 ezvikomo imomo, munoono. Uye iyi iri kuseri kwayo, muzvikomo imomo.

<sup>93</sup> Saka takaenderera mberi, tichityaira. Zvino kamwe-kamwe, ndakaita manzwiwo asinganzwisike, mushure mekutiyaira, makiromita 8 kana 9 nehafu, ndakaita manzwiwo asinganzwisike. Ndikati, “Handizive.”

Vakati, “Chii chanetsa?”

<sup>94</sup> Ndikati, “Ndinotenda u—Uyo anotaura neni, ari kuda kutaura neni, saka ndiri kutofanira kubuda mumotokari.”

<sup>95</sup> Saka ndakabuda mumotokari. Uye madzimai vakagara pamakumbo emadzimai, munoziva, nezvimwe zvose, mukamota ikako kekare kasina denga. Zvino ndakabuda mumota, ndokuenda kuseri kwemota. Ndakakotamisa musoro wangu pasi, ndikaisa tsoka yangu pamusoro pebhamba, kumashure kwemota. Uye ndikati, “Baba Vekudenga, chii chaMunoda kuti muranda weNyū azive?” Uye ndakanamata. Hapana chakaitika. Ndakamirira maminetsi mashoma. Uye ndikafunga, “Zvakanaka, iVo. . .” Kazhinji panenge paine vanhu vakawanda kudaro, ndinofanira kuenda pangu ndega. Saka ndakamirira maminetsi mashoma.

<sup>96</sup> Zvakangoitika kuti ndakakwezvwa meso, ndokutarisa uko. Ndakangofunga kuti, “Zvakanaka, tarisa kuno, heino chechi yekare iri zasi apa.” Uye kana wakambenge uri. . . Ndiyo Bunker Hill Church. Uye ndakatarisa kune rimwe divi, Bunker Hill Christian Church, uye pakanga pane matombo epamakuva, pamberi chaipo pechechi.

<sup>97</sup> Zvino ndakaenda ipapo. Ndikati, “Zvino mose munawo mavara ayo.” Ndakanga ndisati ndambova munyika iyoyo kumashure, muhupenyu hwangu. Handina kumbova kumusoro uko, chero kupi zvako, muhupenyu hwangu. Ini ndikati, “Imi torai mazita pamwe nenhamba idzo mouya pano, muone kana zvisiri zvimwe chete paguva iri.” Zvino hezvoka izvo, chaizvo-izvo. Ndikati, “Ndizvozvo. Tiri munzira chaiyo zvino.” Ndikati, “Yanga iri Ngirozi yaShe.” Munoono, ndadarika nepo chaipo, ndisina kuzviziva. Saka, oo, zvaAri zvakakwana.

<sup>98</sup> Uye saka takachovha tichienda mberi. Pakarepo ndakasangana nemumwe murume, ndokuti, “Mungandiudzewo here kuti South Boston iri kupi, changamire?”

<sup>99</sup> Iye ndokuti, “Endai nekurudyi nekuruboshwe,” munoziva, zvimwe zvakangoda kudaro. Uye takangoramba tichienda mberi.

<sup>100</sup> Saka mushure mechinguva, takapinda, ndakacherechedza, ndauya mune imwe nzvimbo. Uye yaive nekakada kuita sekamusha kadiki, zvakada kudaro. Uye ini—ini ndakatarisa. Ndikati, “Ndipo. Ndipo, apo chaipo.” Ndakati, “Heyo iyo. . .

Apo, hapo pamberi pechitoro icho peyero.” Ini ndikati, “Zvino, tarisai. Mumwe murume achabuda imomo, akapfeka hovhorosi yebhuruu, kodhoro chena . . . kana kuti kepisi yekodhoro yeyero, nendebvu chena dzepamuro, ondiudza kwekuenda. Kana zvisiri izvo, ndiri mutauri mukuru wengano.”

<sup>101</sup> Saka vakanga vakamirira vose. Uye—uye ndakatyaira ndichisvika, pamberi penzvimbo iyi. Uye ndichingotyaira ndichisvika, pamberi, pakabuda murume akapfeka hovhorosi yebhuruu, nekepesi yekodhoro yeyero, nendebvu dzepamuro chena. Zvino Mai Brace vakafenda vari mumota, vachizviona zvichiitika, saizvozvo.

Ndikati, “Changamire, muri kufanira kundiudzawo kuti Harold Nail anowanikwa kupi.”

Akati, “Hongu, changamire.” Akati, “Mabva nekuMaodzanyemba here?”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

<sup>102</sup> Akati, “Maidarika. Inenge hafu yemaera zasi kwemugwagwa, munokona, mugwagwa wekutanga kuruboshwe. Mukakwidza, muchawana danga guru dzvuku, imi mokona ipapo padanga dzvuku iroro.” Akati, “Imba yechipiri kurudyi rwenyu, pamunokwidza nekamugwagwa kadiki kanenge muswaswaira.”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

Iye ndokuti, “Sei?”

Ndikati, “Ane mwanasikana ari kutambura nehurwere. Haana here?”

Akati, “Hongu, changamire. Anaye.”

<sup>103</sup> Ndikati, “Ishe vari kuzomupodza.” Zvino mutana akatanga kuchema. Maona? Haana kumboziva. Saka akaiswawo muchiratidzo. Haana kuziva kuti chii chakanga chichiitika.

<sup>104</sup> Ndakakomuka. Tikaita kuti Mai Nail vavandudzwe zvakare. Ndokukwidzako, tikafamba ndichipinda muchivanze. Takabuda mumota, ndokutanga kupinda. Takatanga kuenda kunzvimbo . . . munoziva, kunzvimbo kwayakanga iri. Zvino mumwe mudzimai wechidiki mufemu akauya kumukova. Ndikati, “Hoyoka uyo.” Maona?

Saka zvino akati, “Makadii henyu?”

Ini ndikati, “Makadiiwo?” Ndikati, “Ndini—ndini Hama Bill.”

<sup>105</sup> “Oo,” akati, “nda—nda—ndafunga kuti ndimi.” Akati, “Makawana tsamba yangu here?”

Ndikati, “Hongu, amai, ndakaiwana.”

Akati, “Ndini Mai Harold Nail.”



106 Ndikati, “Zvakanaka, ndafara kukuzivai, Mai Nail. Uye iri ringori boka diki rauya neni, kuti tinamatire musikana wenyu.”

Akati, “Hongu.”

Ndikati, “Ari kugadzirira kupodzwa.”

107 Akati, “Chii?” Miromo yake ikatanga kudedera. Akatanga kuchema.

108 Ndikati, “Hongu, amai.” Zvino ha—handizive; Handina kumbomirira mukadzi uyu.

109 Ndakafamba ndichidzika memukamuri hombe iyi, uye boka rangu richinditevera. Pandakavhura musuwo kurudyi rwekamuri iyi, imba hombe, yekare, yekumaruwa, ndakavhura musuwo, hawo eyero enhau-...kana kuti mapepa eyero pamadziro, mavara matsvuku; chiratidzo chinoti, “Mwari varopafadze musha wedu;” mubhedha wekare wembiru dzendarira; chitofu chemarasha kuruboshwe rwangu. Uye paine kamubhedha kadiki kagerepo, kaine nemusikana uyu anenge mukomana areremo.

110 Zvino chimwe chinhu chakaitika. Ndakanga ndiri mukona yemukamuri iyi, ndichiona mutumbi wangu uchienda pamubhedha uya. Zvino ndakaisa maoko angu padumbu rake, chaizvo sezvakataurwa naShe. Uye pandakadaro, Mai Nail pavakapinda mukamuri vakazviona, vakawira pasi, zvakare, vakafenda. Imhando yemunhu ane hutera, uye vakafenda vari pasi, zvakare. Uye Hama Nail vakanga vachiedza kushanda navo. Uye mutana Hama Jim vamirepo, vachiti, “Ishe ngaVarumbidzwe,” vakabatanidza maoko avo pamwe chete, kana mose maivaziva zvavaiita. Saka zvino ndakazvitarisa, ndikazviona.

111 Ndakaisa maoko angu paari, kana kuti akachinjika padumbu pake, sezvizi. Ndikati, “Ishe, ndiri kuita izvi pakuraira kwe, zvandinofunga kuti, Mwari vari kundiudza kuti ndiite.” Panguva saiyooyo, akatanga kuchema, ndokubva asvetuka.

112 Zvino vakangoita kuti Mai Nail vamire netsoka dzavo. Vakanga vamuka, kubva pakufenda kwavo.

113 Zvino musikana uyu paakasvetuka kubva pamubhedha, hero gumbo repijama rake kumusoro pagumbo rekurudyi, chaizvo nenzira yazvakaratidzwa muchiratidzo. Zvino hapo paive nebvi rakaurungana remusikana, panzvimbo yeremukomana.

114 Zvino Mai Nail vakabva vadonha, zvakare. Maona? Vakabva vafenda. Kaiva ka 3 chaiko kavakafenda.


115 Zvino musikana uya akafamba achibudamo, mukamuri umu. Ndokupinda muimba yake yokupfekera, achichema, ndokupfeka dhirezi rake rechijapani, akadzoka achifamba, achikama vhudzi rake. Nerake . . . neuro rakarem- . . . Uye rumwe

ruoko rwake—rwake rwanga rwakaremarawo, zvakare, kurudyi. Achikama vhudzi rake neruoko rwakaremara.

<sup>116</sup> Akaroorwa, ane boka revana. Zita rake, handizivi zita rake ndiyani iko zvino. Asi vekwa Nail, chero ani anogona kukuudzai, Harold Nail.

<sup>117</sup> Uye izvo zviratidzo ndezvechokwadi. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Ndinogona kuisa izvozvo ndokuendesai kune vanhu vangagadzira mabhuku akawanda ezvinhu zvakadaro zvakaitika. Zvino, ichokwadi, Hama Vayle.

<sup>118</sup> Ndichakundikana; ndiri munhu. Ini ndiri mukundiki, kubva pakutanga, zvakare anonzwisa urombo kumira panzvimbo semuranda waKristu. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

<sup>119</sup> [Hama Vayle vanoti, “Perengerai Merrell?”—Mupepeti] M-e-r-r-e, vana l vaviri. [“Ndafunga kuti yanga iri iyo pasi apo. Ehe.”] Ndizvo chete zviripo here, izvi zvino? [“Nail aive N-e-i-l?”] N-a-i-l. [“Brace, B-r-a-c-e?”] B-r-a-c-e, Ad, Ad Brace. [“Zvino ndinofunga kuti ndava navo vese. Mirai zvishoma. Graham Shelling?”] Graham, G-r-a-h-a-m. [“Ndi ‘n’ ipapo.”] S-n-e, vana l vaviri, i-n-g. [“Oh, Snelling. Zvino tazvibata.”] 

60-0930 Zviratidzo Zva William Branham  
Campaign Office  
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)